



Pou Piblikasyon Imedya: 09/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL AK FEMA ANONSE OUVÈTI SANT POU REKIPERASYON APRE KATASTWÒF YO

*Lokal yo ap ofri asistans pou Nouyòkè ki afekte pa Dega Ouragan Ida yo ki kalifye pou Pwogram Asistans Endividyèl la*

Gouvènè Kathy Hochul ak Ajans Jesyon Ijans Federal la (Federal Emergency Management Agency, FEMA) te anonse jodi a ouvèti plizyè Sant Rekiperasyon apre Katastwòf (Disaster Recovery Centers, DRC) k ap bay enfòmasyon, asistans epi ede Nouyòkè ki te afekte pa tanpèt ak inondasyon akòz Dega Ouragan Ida yo. Espesyalis nan rekiperasyon FEMA ak Administrasyon Ti Biznis Ameriken an (U.S. Small Business Administration) ap disponib pou reponn kesyon epi bay enfòmasyon sou kalite èd federal ki disponib pou pwopriyetè kay, lokatè ak pwopriyetè biznis yo nan kad deklarasyon gwo katastwòf ki soti nan ouragan an.

Yo te deziyen minisipalite nan Konte Bronx, Queens, Kings, Richmond ak Westchester pou Asistans Endividyèl dapre deklarasyon gwo katastwòf sa pou Dega Ouragan Ida yo.

"Nouyòkè ki te afekte pa inondasyon devastan ak domaj tanpèt semèn pase a ka resevwa asistans an pèsòn oswa endividyèl kounye a ak pwofesyonèl ki ekipe pou ede nan pwosesis rekiperasyon an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen remèsye patnè nou yo nan gouvènman federal la pakse yo travay rapidman pou etabli etablisman ki nesèsè sa yo pandan n ap kontinye jwenn èd Nouyòkè yo bezwen yo."

Sant Rekiperasyon apre Katastwòf sa yo ap ouvè soti 8 a.m. pou rive 7 p.m. chak jou jiska nouvèl òd:

Medgar Evers College - 231 Crown Street, Brooklyn, NY 11225  
Queens College, Student Union - 152-45 Melbourne Ave, Flushing, NY 11367  
Hostos Community College - 450 Grand Concourse, E. Building C, Bronx, NY 10451  
Grinton I. Will Library - 1500 Central Park Ave, Yonkers, NY 10710  
Mamaroneck Village Court Clerk - 169 Mount Pleasant Ave, Mamaroneck, NY 10543  
College of Staten Island, Gymnasium Building R1 - 2800 Victory Blvd., Staten Island, NY 10314

Lokal yo nan Yonkers, Mamaroneck ak Staten Island ap fonksyone nan sant mobil anvan yo demenaje nan biwo fiks yo. Y ap anonse sit DRC nan yon dat annapre.

Rezidan Vil NY ki afekte yo ka relel 311 tou oswa vizite [NYC.gov/IDA](https://www.nyc.gov/IDA) pou aksè nan sèvis Vil la ki disponib yo.

Pèsonèl ajans Eta a ap estasyon nan DRC yo pou konekte sitwayen ki afekte yo ak pwogram oswa sèvis eta yo ki ka disponib pou ede yo nan rekipasyon an.

Sivivan ki gen sèvis entènèt oswa telefòn yo ka enskri sou FEMA lè yo itilize Aplikasyon FEMA, anliy sou [www.disasterassistance.gov](https://www.disasterassistance.gov) oswa lè yo rele **800-621-3362**. Moun ki gen defisyans pawòl oswa pwoblèm pou tandè epi ki itilize TTY ta dwe rele **800-462-7585** dirèkteman. Moun ki itilize 711 oswa Sèvis Relè Videyo ka rele **800-621-3362**. Nimewo telefòn gratis sa yo ap fonksyone soti 7 a.m. rive 11 p.m. (lè lokal), sèt jou pa semèn jiska nouvèl òd. Operatè yo pale plizyè lang epi moun ki itilize sèvis relè tankou apèl videyo, InnoCaption oswa CapTel ta dwe mete FEMA ajou ak nimewo presi ki atribye pou sèvis sa. Si ou bezwen aranjman pou lang oswa yon enfimite, fè operatè a konnen.

Avèk pwoblèm koneksyon aktyèl la, sant lan ofri yon kote pou sivivan yo enskri pou asistans an pèsòn epi jwenn èd endividyèl nan men espesyalis pou rekipasyon yo.

Pou plis resous anliy ansanm ak bwochi ak lòt èd FEMA ki ka telechaje, vizite [www.disasterassistance.gov](https://www.disasterassistance.gov) epi kilike sou "enfòmasyon."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)